



Pou Piblikasyon Imedya: 02/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PIBLIKASYON CHAPIT TEKNIK EVALYASYON  
ENPAK KLIMATIK ETA NEW YORK LA**

***Avanse Inisyativ Eta Leta 2024 la pou amelyore rezistans ak prepare pou enpak  
chanjman klimatik yo***

***Sipòte Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè Eta a k ap mennen nan  
nasyon an***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a piblikasyon chapit teknik Etid [Konpreyansyon ak Preparasyon pou Klima nou an k ap Chanje a](#), k ap kontinye bay Nouyòkè yo done ak enfòmasyon pou amelyore rezistans ak adaptasyon fas ak chanjman klimatik la. Etid syantifik sou plizyè ane a, ki fè avanse inisyativ Eta Leta 2024 Eta a pou amelyore rezistans nan tout eta a ak preparasyon pou enpak chanjman klimatik yo, gen uit chapit teknik ki kouvri fason divès sektè ekonomik yo ka abòde tanperati k ap monte yo ak ogmante frekans evènman metewolojik ekstrèm yo. Anons jodi a sipòte aplikasyon Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè Eta a k ap mennen nan nasyon an

"Nouyòkè yo konnen twò byen enpak devastatè tanpèt yo, chalè ekstrèm ak inondasyon akòz klima nou an k ap chanje", **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap bay Nouyòkè yo, biznis yo, minisipalite yo ak endistri yo enfòmasyon ak zouti ki nesèsè pou amelyore adaptasyon ak rezistans kominote a pandan n ap kontinye diminye emisyon yo."

Etid la, ki te dirije pa Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), se te yon kolaborasyon ant enstitisyon akademik, òganizasyon syans, minisipalite, lidè kominotè, reprezantan endistri yo ak ajans ak otorite Eta New York yo. Chapit teknik yo bay obsèvasyon an pwofondè, detaye ak enpak yo prevwa nan chanjman klimatik la nan uit sektè: agrikilti, konstriksyon, ekosistèm, enèji, sante ak sekirite moun, sosyete ak ekonomi, transpò, ak resous dlo yo. Chapit yo te devlope pa uit [gwoup travay teknik](#) separe ki te dirije pa ekspè yo nan sektè ak reprezantan ki soti nan divès kominote ak sikonskripsyon nan tout Eta a ak nasyon ki gen ladan California, Maryland, Massachusetts, New Jersey, Indiana, ak Texas, ansanm ak Kanada ansanm ak manm kominote endijèn yo. Y ap soumèt chapit yo pou piblikasyon nan jounal akademik *Annals of the New York Academy of Sciences (Anal Akademi Syans New York yo)*.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare,** "NYSERDA fyè dèske li te travay ak yon vas rezo ki gen ekspè lokal, rejyonal ak nasyonal pou pwodwi etid sa a ki baze sou syans ki ka itilize kòm yon resous planifikasyon pou enkòpore rezistans ak estrateji adaptasyon. Pandan Eta nou an ap kontinye avanse politik zewo emisyon ak sipòte teknoloji inovatè ki pral ede konbat chanjman klimatik, nou bezwen travay ansanm tou pou diminye enpak sosyal ak ekonomik evènman move tan yo sou kominote nou yo."

Pòsyon etid la ki te konsantre sou [projeksyon](#) pou Eta New York ki te pibliye nan kòmansman mwa janvyè a te gen ladann done ki ajou sou fason klima a chanje ak fason l ap kontinye chanje. Pwojeksyon yo, ki devlope pa Columbia University, eksplòre tanperati, presipitasyon, evènman ekstrèm ak nivo lanmè, ki baze sou modèl enfòmasyon sofistike ke syantis yo te devlope pou simile fason atmosfè Tè a, oseyan ak lòt karakteristik fizik yo reponn a kantite chalè ki pyèje pa gaz ki lakòz sè nan atmosfè a. Travay sa a sipòte [plan rezilyans konplè Gouvènè Hochul](#), jan yo te anonse nan pwopozisyon Eta Leta a ane sa a, pou pwoteje Nouyòkè yo kont move tan ak kontrekare atak gwo lapli yo, tanpèt nèj, tanpèt, chalè etoufan ak fredy glasyal akoz chanjman klimatik la.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la, Basil Seggos, te deklare,** "Konsekans klima k ap chanje yo te genyen dominans sou New York ak odela ak ogmantasyon frekans evènman metewolojik ekstrèm ki te mennen nan inondasyon domajan, chalè danjere, ak enfrastrikti enpòtan ki frape anpil. Evalyasyon Enpak Klimatik New York la bay enfòmasyon adisyonèl pou ede Nouyòkè yo adapte ak reponn ak chanjman klimatik nan amelyore rezistans ak avanse efò pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè nou yo epi fè investisman ak amelyorasyon ki nesèsè pou abòde kriz klimatik la."

**Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare,** "Bezwen pou pwoteje planèt nou an ekstrèmman ijan, epi Gouvènè Hochul ap mennen Eta New York nan yon avni ki pi dirab. SUNY fyè dèske li nan sant efò sa yo, depi nan redwi pwòp anprent kabòn nou an rive nan prepare mendèv vèt alavni ak fè rechèch revolisyonè sou chanjman klimatik ak enèji renouvlab. Mwen remèsye Gouvènè a paske li te òganize etid sa a, angajman li pou l bati sou objektif enèji pwòp li yo, ak investisman kontinyèl li nan rechèch ak edikasyon pou diminye konsekans chanjman klimatik yo epi ankouraje rezistans."

**Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare,** "Nouyòkè yo te santi enpak dirèk chanjman klimatik la ete pase a lè lafimen ensandi sovaj Kanadyen yo te kouvri eta a, sa ki te afekte kalite lè a epi ki te ogmante risk pou ijans medikal yo. Avèk sipò kontinyèl Gouvènè Hochul, li enpòtan pou nou etidye enpak chanjman klimatik ak risk sante piblik ki asosye ak evènman sa yo. Etid kolaboratif sa a, ki baze sou prèv, pral enfòme plis politik ak rekòmandasyon sans komen ki mete sante ak byennèt Nouyòkè yo an premye."

**Senatè Eta a, Peter Harckham, te deklare,** "Evalyasyon Enpak Klima la se yon etap enpòtan nan ede asire ke Nouyòkè yo gen enfòmasyon pou konprann gravite chanjman

klimatik la ak bezwen pou ranfòse rezistans klimatik la. Amelyore rezistans klimatik la enplike nan evalye kijan chanjman nan klima pral kreye nouvo riks, oswa chanje risk aktyèl ki gen rapò ak klima, epi pran mezi pou pi byen fè fas ak risk sa yo. Tout moun ta dwe kenbe tèt yo enfòmasyon sou fason chanjman klimatik la pral afekte lavi chak jou ak fason pou prepare. Mwen remèsye Gouvènè a ak ekip li a pou travay enpòtan yo fè."

**Manm Asanble Deborah Glick te deklare,** "Mwen fyè dèske m ap viv nan yon eta ki rekonèt chanjman klimatik epi ke Gouvènè Hochul, Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York, ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York ki konsantre sou devlope estrateji ki panse pou devan pou konbat chanjman klimatik la. Enfòmasyon ki gen anpil valè sa a pral bay direksyon solisyon pou fè New York vin yon sosyete ki pi dirab epi ki pi rezistan."

**Stephen J. Acquario, Direktè Egzekitif Asosyasyon Konte Eta New York yo, te deklare,** "Nou felisite angajman Gouvènè Hochul pran pou l abòde pwoblèm ijan chanjman klimatik yo atravè piblikasyon Evalyasyon Enpak Klimatik Eta New York la. Analiz konplè sa a, ki baze sou dènye rechèch syantifik la, pral jwe yon wòl enpòtan nan ekipe kominote nou yo ak konesans ki nesèsè pou navige defi chanjman klimatik yo poze. Lè yo bay enfòmasyon ak estrateji ki mache ak aksyon pou adaptasyon ak rezistans, evalyasyon sa a non sèlman ekipe rezidan yo, biznis yo, ak moun k ap pran desizyon yo atravè eta a, men tou li souliye enpòtans pou pran mezi pro-aktif pou diminye enpak chanjman klimatik yo. Nou pa ka tann pou nou travay ak manm nou yo pou pwofite resous sa a pou kreye yon avni ki pi rezistan ak dirab pou tout Nouyòkè yo."

**Dwayen College of Agriculture and Life Sciences Ronald P. Lynch nan Inivèsite Cornell la, Benjamin Houlton, te deklare,** "Rezidan New York yo ap sibi konsekans chanjman klimatik yo an tan reyèl—sa ki lakòz efè domino atravè sektè agroalimantè eta nou an ak nan chak aspè nan lavi chak jou nou an. Men, nou gen kapasite pou nou adapte ak bezwen k ap chanje nan mond nou an. Nou rekonesan pou angajman kontinye Gouvènè Hochul pou prepare kominote nou yo pou chanjman sa yo. Antanke enstitisyon ki Akòde Tè New York, Cornell CALS fyè dèske li gen opòtinite pou pote ekspètiz kolektif nou an pi devan pou prepare Nouyòkè yo pou enpak chanjman klimatik yo epi sipòte yo nan estrateji mitigasyon yo pou kontinye pwospere."

**Direktè nan +lab Achitèk ak Pwofesè nan New York City College of Technology, Illya Azaroff, te deklare,** "Evalyasyon Enpak Klimatik Eta New York la se yon etap esansyèl pou pi devan ak yon resous ekstrawòdinè non sèlman pou eta a, men pou kominote yo atravè eta a, pou konstwi kapasite fleksib epi konprann ke investisman nan lavni kreye ekite ak kominote konplè ki ka pwospere malgre entèripsyon ke pral konnen."

Done ak enfòmasyon yo bay nan etid la souliye enpòtans pou pran aksyon pou adapte yo ak enpak chanjman klimatik yo. Solisyon tankou enstale enèji renouvlab, elektrifye bilding ak sistèm transpò yo, ak ogmante efikasite enèji yo tout ede diminye gaz ki lakòz efè sè ak diminye enpak ki asosye ak yo sou kominote New York yo. Yon twazyèm

eleman nan [Evaluasyon Enpak Klimatik Eta New York](#) la, ki bay yon analiz de enpak ekonomik potansyèl nan Eta New York, pral pibliye nan fen ane sa a.

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a**

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Investisman New York (New York Cap-and-Invest, (NYCI) ak lòt politik konplèmantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan disi 2030. ak 85 pousan disi 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 40 milya dola nan 64 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plis pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)